



Lowenstein International  
Human Rights Clinic  
Yale Law School



## Deklarasyon Tèt ansanm Klinik ki espesyalize nan Dwa Moun sou Kriz Konstitisyonèl ak Dwa Moun an Ayiti

13 Fevriye 2021

Noumenm klinik ki soti nan fakilte dwa ki chita nan peyi Etazini k ap travay nan solidarite ak oganizasyon sosyete sivil an Ayiti, nou preyokipe anpil pou deteryorasyon sityasyon dwa moun an Ayiti ak respons Etazini bay jouk jounen jodi a. Gen prèv kredib ki montre Prezidan Jovenel Moïse nan zak ak li konpòtman kreye yon kriz konstitisyonèl epi ap etabli yon pouvwa k ap afebli etadedwa nan peyi a. Nou mande gouvènman ameriken pou li denonse dènye aksyon Prezidan Moïse yo ki agrave kriz konstitisyonèl la pi plis chak jou.

Nan semen ki pase a, Moïse te poze plizyè zak ki bay patikilyèman anpil enkyetid e ki vyole etadedwa:

- Anpil akte ak enstitisyon nan peyi a konsidere manda prezidan Moïse an fini jou ki te 7 Fevriye 2021 an, sou baz entèpretasyon Konstitisyon Ayisyen an<sup>1</sup> ki jwenn api [Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè a](#); [Federasyon Bawo Dayiti](#); ak anpil lòt espè nan domenn lalwa ak oganizasyon sosyete sivil la. Men Moïse refize bay pouvwa a, sou baz yon lòt

---

<sup>1</sup>Prezidan yo eli pou yon manda senk (5) lane. Moïse te eli an 2016, lè yo te refè eleksyon 2015 yo. Moïse fè konnen paske li pa t antre an fonksyon jiska 2017, manda senk (5) lane li a ap rive jiske Fevriye 2022, men sa depaman ak sa ki di nan Konstitisyon Ayisyen an ak Lwa Elektoral 2015 lan. Konstitisyon an di klèman manda prezidan an ap kòmanse 7 Fevriye aprè eleksyon yo fin fèt. ATIK 134-1 KONSTITISYON AYITI an, [https://www.constituteproject.org/constitution/Haiti\\_2012.pdf?lang=en](https://www.constituteproject.org/constitution/Haiti_2012.pdf?lang=en) (Tradiksyon an Anglè). Atik 134-2 pi lwen espesifye pou di lè eleksyon yo fèt an reta, “prezidan ki eli a antre an fonksyon imedyatman aprè validasyon eleksyon an e manda li sanse kòmanse 7 Fevriye menm lane eleksyon an”. Atik 134-2. Eleksyon 2016 yo te òganize nan kad Lwa Elektoral 2015 lan, ki fè konnen manda prezidan t ap fini nan senk (5) lane aprè dat manda a te kòmanse a, nenpòt ki dat prezidan an te antre an fonksyon. Lwa Elektoral 2015 lan, nan atik 239(a), LE MONITEUR, <https://www.haitilibre.com/docs/decreteelectoral2015.pdf> (“Manda Prezidan Repiblik la ap fini sèt (7) Fevriye senkyèm ane manda li a, nenpòt dat li te antre an fonksyon”). Moïse te aplike entèpretasyon sa avan pou li te voye ale tout majistra ak pifò nan Palman lane pase, sa ki vin fè l ap dirije ak dekrè san okonn pouvwa k ap kontwole sa l ap fè. *Konsilte* Jacqueline Charles, nan atik ki gen pou tit “U.S. lawmakers call for Haiti-led transition, support claim Moïse’s presidency ends Sunday,” MIAMI HERALD, 6 Fevriye 2021, <https://www.miamiherald.com/news/world/americas/haiti/article249058630.html>. Sa koyeran tou ak fason yo te entèprete dire manda pou lòt prezidan ayisyen e prezidan yo menm tou yo te entèprete kote tan yo te pase sou pouvwa, pou plizyè rezon, pa t rive nan senk (5) lane. *Konsilte* Jake Johnston, nan dokiman ki gen pou tit “The OAS Picks Sides in Haiti... Again,” *Center for Economic & Policy Research*, June 4, 2020, <https://cepr.net/the-oas-picks-sides-in-haiti-again/>.

entèpretasyon tèks konstitisyon an ki ta ba li dwa pwolonje manda li pou 7 Febvriye 2022.

- Li te nan 3zè nan maten, nan jou manda Moïse ta pral fini an, lapolis [te arete](#) pou piti 18 moun yo akize ki t ap planifye yon koudeta. Pami yo genyen Jij Lakou Kasasyon Yvickel Dabrésil; Enspektè Jeneral Lapolis Marie Louise Gauthier; ak yon ansyen kandida pou pòs prezidan. Arestasyon sa yo te fèt nan mitan lannwit e moun ki te arete yo te pase plizyè jou avan yo pase devan Jij.<sup>2</sup> Jou ki te 10 Febvriye a, gen yon jij ki te fè konnen detansyon Jij Dabrésil la te [illegal](#) e li te bay lòd pou libere li. Yo te inyore òdonans sa e Dabrésil pa t rive jwenn liberasyon jiskaske nan demen yon dezyèm jij te òdone [liberasyon](#) li. Grefye an chèf ki te enplike nan premye odyans lan te jwenn [revokasyon](#) li nan men minis jistis ayisyen an. Moun ki te jwenn arestasyon yo avèk Jij Dabrèsil yo toujou rete nan detansyon yon fason abitè.
- Nan Lendi 8 Febvriye, Moïse [te pibliye](#) yon dekrè ki retire twa jij nan Lakou Kasasyon, sa ki se yon vyolasyon Konstitisyon peyi Dayiti: Dabrèsil, Wendelle Coq Thélot, ki te kritike arestasyon Dabrèsil la epi Joseph Mécène Jean-Louis, ki se manm ki pi ansyen nan Lakou Kasasyon<sup>3</sup>. Nan menm jou a, lapolis [pran kontwòl](#) Lakou Kasasyon ak Lekòl Majistrati. Mouvmman sa yo [paralize](#) fonksyonman Lakou Kasasyon. Nan dat 11 Febvriye, Moïse pibliye yon dekrè ki nonmen twa (3) nouvo jij nan Lakou Kasasyon. Kandidati sa yo kontrè ak pwosedi ki fikse nan Konstitisyon Ayisyen an.<sup>4</sup>
- Lapolis te itilize bal reyèl pou dispèse moun ki t ap manifeste kont Moïse kiantre an rebelyon ak konstitisyon an, plizyè jounalis ki t ap kouvri manifestasyon an te rive blese. Moun yo pa idantifye tire [de \(2\) jounalis](#) ki t ap fè repòtaj sou manifestasyon 8 Febvriye yo. Jou Mekredi 10 Febvriye a, Jounalis k ap travay pou Associated Press ki rele Dieu Nalio Chéry te [blese](#) nan janm akòz li resevwa yon bonbòn gaz lakrimojèn pandan l ap filme yon manifestasyon etidyan. Ajan CIMO (Corps d'Intervention et de Maintien de l'Ordre) te voye yon bonbòn gaz lakrimojèn nan deyè yon pikòp Radyo Tele Pasifik. Asosyasyon Jounalis Ayisyen pibliye yon [deklarasyon](#) ki kondane konpòtman lapolis, denonse yon atak kont libète laprès.
- Kriz semenn pase a vini aprè plizyè lane travay dokimansyon kredib sou grav vyolasyon dwa moun Leta komet an Ayiti. [Òganizasyon ayisyen ki ap travay pou pwoteje dwa moun yo, Nasyonzini](#) ak [Polis Jidisyè Ayisyen an](#) te pwouve enplikasyon moun ki nan leta pami yo gwo zotobre ki plase nan nan pi wo nivo administrasyon Moïse ak Polis Nasyonal Dayiti nan yon [seri masak](#) kont katye ki aktif nan mouvmman opozisyon an. An

---

<sup>2</sup>Lwa Ayisyen yo entèdi ou arete moun soti 6 zè nan aswè pou rive 6 zè nan maten, sof si yo kenbe yo k ap komèt krim, e yo egzije pou moun ki arete yo pare devan yon jij nan 48 èd tan. ATIK 24-3, 26 KONST. [https://www.constituteproject.org/constitution/Haiti\\_2012.pdf?lang=en](https://www.constituteproject.org/constitution/Haiti_2012.pdf?lang=en) (Tradiksyon an Anglè).

<sup>3</sup>Lidè sosyete sivil yo te kondane aksyon sa kòm ilegal, kote yo fè remake Atik 177 Konsitasyon an, ki di yo pa kapab “ranplase” jij Lakou Kasasyon yo sof si legalman yo detèmine yo te abize otorite yo genyen. ATIK 177 KONST. [https://www.constituteproject.org/constitution/Haiti\\_2012.pdf?lang=en](https://www.constituteproject.org/constitution/Haiti_2012.pdf?lang=en) (Tradiksyon an Anglè).

<sup>4</sup>Konstitisyon an egzije pou prezidan nonmen jij li chwazi nan yon lis Sena a voye ba li. *Konsilte* ATIK 175 KONST. AYITI, [https://www.constituteproject.org/constitution/Haiti\\_2012.pdf?lang=en](https://www.constituteproject.org/constitution/Haiti_2012.pdf?lang=en) (Tradiksyon an Anglè). Menm si nan yon Tweet Moïse fè konnen li te swiv pwosedi sa, Sena pa reyini an sesyon sa fè plizyè mwa, depi manda pifò manm yo te fini an. *Konsilte supra*, remak 1).

Desanm 2020, Depatman Trezò Ameriken te [sanksyone](#) de (2) ansyen dirijan ki wo plase nan administrasyon Prezidan Moïse la ak chèf gang anpil moun konnen ki rele Jimmy Cherizier, ki gen koneksyon ak gouvènman an, paske yo te egzekite yon masak brital nan Lasalin an 2018 kote pou piti gen 71 moun ki te mouri.

Pandan dir manda li a, Moïse te sistematikman afebli lòt branch ak enstitisyon etatik ki la pou kontwòle aksyon pouvwa li a ap poze. Li ap gouvènen pa dekrè depi plis pase yon lane apre limenm te fin di li pran akt manda pifò manm Palman yo te fini san Moïse pa t soumèt lwa elektoral la pou fasilite òganizasyon eleksyon pou ranplase yo. Aprè fen manda tout [majistra](#) ki gen nan peyi a, Moïse fè pati kounya youn nan 11 lidè ki te soti nan eleksyon ki rete nan pòs yo.

Pandan l ap defye tout apèl ki fèt pou sispann itilizasyon dekrè nan plas òganizasyon eleksyon lejislatif yo, Moïse ap chèche pito pou li opere de [changjman lejislatif radikal](#). Nan mwa Novanm pase a, li te bay lòd pou kreye [ajans nasyonal entelijans](#), epi konsidere kòm zak toworis yon seri fòm manifestasyon pasifik moun souvan itilize.<sup>5</sup> Moïse bay konsèy elektoral pwovizwa (KEP) [enstriksyon](#) pou li òganize yon referandòm konstitisyonèl avan eleksyon lejislatif yo, sa ki se yon vyolasyon pwosesis amannman ki fikse nan Konstitisyon an limenm . [Refòm ki pwopoze yo](#) t ap fondamantalman restriktire Leta a an, epi ranfòse konsiderableman pouvwa laprezidans, parapò ak pouvwa lejislatif la ak lòt enstitisyon yo.

Vyolasyon grav dwa moun kak aksyon sistematik pou kenbe pouvwa a redwi anpil posiblite pou Moïse òganize eleksyon ki lib e san fòs kote pou ranplase li sou pouvwa a. Sosyete sivil ayisyen an pa sispann mande pou gen yon gouvènman tranzisyon ki mete kanpe pou organize eleksyon yo.

Nou gen ke sote , pou olye li ta sipòte demokrasi an Ayiti, gouvènman ameriken an ta voye yon move siyal bay Moïse. Administrasyon ameriken ki la kounya a pa dwe kontinye bay [presyon](#) ki pa apwopriye administrasyon Trump la te konn mete sou aktè ayisyen yo pou yo asepte yon pwosesis elektoral ki pa konstitisyonèl. Administrasyon Biden nan ta dwe pito sipòte demokrasi ak dwa moun epi kondane atak Moïse kont enstitisyon konstitisyonèl Ayisyen yo. Sinon, se ta ankouraje Moïse pou li kontinye restrenn dwa moun ak demokrasi a.

Mete sou sa, nan yon moman kote Ayiti plonje nan yon kriz politik, estabilite a patikilyèman frajil, Etazini pa janm sipann depòtasyon moun yo mete deyò nan peyi pou voye tounen an Ayiti. Depi kòmansman Fevriye, Imigrasyon ameriken voye [600 moun](#) tounen an Ayiti, anpil

---

<sup>5</sup>Après gwo pale anpil, pami yo anpil kritik Biwo Ombudsman (Ofis Pwoteksyon Sitwayen) konsènan tout pouvwa ak absans redisyon kont ajans nasyonal entelijans lan genyen, prezidan Moïse te pibliye yon nouvo dekrè ki modifiye kèk nan premye dispozisyon yo. Sepandan gen anpil lòt atribisyon ki rete de preyokipasyon pa chanje. *Konsilte Robenson Geffrard, nan atik ki gen pou tit “Décret pour le Renforcement de la sécurité publique: Kidnapping, barricades sur la voie publique, destruction de biens, détention d’armes illégales... sont désormais des actes de terrorisme,” ki soti nan Le Nouvelliste (3 Desanm 2020), <https://lenouvelliste.com/article/223867/kidnapping-barricades-sur-la-voie-publique-destruction-de-biens-detention-darmes-illegales-sont-desormais-des-actes-de-terrorisme>; OPC rekòmande ekzekitif la pou li modifiye kèk atik nan dekrè ki soti sou ANI an ak sou sekirite piblik la. (3 Desanm 2020), <https://lenouvelliste.com/article/224756/lopc-recommande-a-lexecutif-de-modifier-certains-articles-dans-les-decrets-relatifs-a-lani-et-a-la-securite-publique>; Jovenel Moïse lan apwoche *quelques modifications au décret portant création de l’Agence nationale d’intelligence*, Le Nouvelliste (4 Fevriye 2021), <https://lenouvelliste.com/article/226023/jovenel-moise-apporte-quelques-modifications-au-decret-portant-creation-de-lagence-nationale-dintelligence>*

nan yo pa t gen opòtinite pou mande azil. Nan avyon sa yo te genyen [anpil timoun](#), ti bebe ak fanm ansent.

Nou ankouraje gouvènman ameriken pou li sipòte etadedwa an Ayiti epi mande gouvènman ayisyen pou respekte obligasyon entènasyonal li genyen nan kesyon dwa moun. Yon fason espesifik, nou ankouraje peyi Etazini pou li fè sa nou pral site la yo:

- Mande liberasyon imedya tout moun yo toujou kenbe nan detansyon yon fason abitrè ki te jwenn arestasyon yo 7 Fevriye a.
- Deklare klèman dwa granmoun pèp ayisyen an genyen pou li deside pou pwòp tè li. Etazini pa dwe ap ensiste ni sipòte eleksyon san pa gen okenn prèv mezi konkrè ki pran pou garanti eleksyon sa yo ap lib, san fòs kote, kote tout moun ladan l epi ki p ap afebli akoz atak ki ap fèt kont opozisyon, medya ak sosyete sivil la.
- Kanpe sou sipò politik oswa finansye y ap bay pou referandòm ki pa konstitisyonèl la.
- Afime ankò sipò peyi Etazini pou dwa moun yo genyen pou manifeste nan lapè, mande Moïse ak fòs sekirite Ayiti yo pou respekte dwa sa a, epi kondane dènye vyolans ki te fèt kont manifestan ak jounalis yo.
- Mande pou gen ankèt ak pouswit devan lajistis ki fèt sou akizasyon vyolasyon flagran dwa moun ki fèt kont gouvènman oswa li ta sipòte.
- Kanpe sou tout avyon k ap depòte e mete moun deyò pou tounen an Ayiti sou baz Atik 42 a, akoz kriz konstitisyonèl la, ajitasyon nan tout peyi ak twoub politik k ap ogmante chak jou pi plis.

*Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte:*

Gabrielle Apollon, Asistan Direktè Haiti Project  
Global Justice Clinic, Fakilte Dwa New York University  
929-244-9081  
[mar755@nyu.edu](mailto:mar755@nyu.edu)

Margaret Satterthwaite, Pwofesè Dwa Klinik & Direktè  
Global Justice Clinic, Fakilte Dwa New York University  
347-277-5035  
[satterth@exchange.law.nyu.edu](mailto:satterth@exchange.law.nyu.edu)

Beatrice Lindstrom, Enstriktè Klinik  
International Human Rights Clinic, Fakilte Dwa Harvard  
404-217-1302  
[blindstrom@law.harvard.edu](mailto:blindstrom@law.harvard.edu)

James Silk, Binger Pwofesè Klinik nan Dwa Moun

Allard K. Lowenstein International Human Rights Clinic, Fakilte Dwa Yale  
203-687-0889

[James.silk@ylsclinics.org](mailto:James.silk@ylsclinics.org)

*Deklarasyon klinik yo pa reprezante ditou pwennvi enstitisyonèl diferan fakilte dwa yo.*